



<p>Angajman Paran ak Fanmi Tit I yo Lekòl Piblik nan Kanton Polk la</p> 	<h2 style="text-align: center;">Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2018-2019</h2>		
<h3 style="text-align: center;">Lekòl Entèmediè Lake Gibson Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj</h3>		<p style="text-align: center;">Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou <b>BATI BON JAN RELASYON</b> nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou <b>chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou.</b></p>	
<p style="text-align: center;">Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.</p>			
<p><b>Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo</b></p>	<p style="text-align: center;"><b>Responsablite Ekip Lekòl la</b></p>	<p style="text-align: center;"><b>Responsablite Paran yo</b></p>	<p style="text-align: center;"><b>Responsablite Elèv yo</b></p>
<p><b>Nivo Akademik Elve</b></p>	<p>Enfòmè paran yo sou kondisyon &amp; pwogram leta egzijè yo nan atelye travay, nan jounal lekòl la, etc. Toujou mete leson solid pou elèv yo, k'ap bay yo defi e ki nan nivo klas y'ap fè. Bay elèv yo enstriksyon varye pou amelyore siksè yo.</p>	<p>Mande lekòl pitit ou a èd pou yo kapab ba w koutmen. Vizite sit entènèt yo tanlou <a href="http://FloridaStudents.org">FloridaStudents.org</a>, <a href="http://www.polk-fl.net">www.polk-fl.net</a>, <a href="http://www.fsassessments.org/training-tests">www.fsassessments.org/training-tests</a>, <a href="https://portal.achieve3000.com/index">https://portal.achieve3000.com/index</a>, pou itilize sit Pòtay Paran yo.</p>	<p>Pran responsablite aprantisaj ou nan: vini lekòl chak jou, fè devwa yo ba ou nan chak peryòd kou yo e dispoze w pou yo ba w defi chak jou.</p>
<p><b>Kontwòl pwogrè Elèv yo</b></p>	<p>Teacher/parent/student conferences will be held. Notify parents/guardians through <b>Remind 101</b>, emails, and phone calls. Provide interims, data chats, homework guidelines and report grades in a <b>timely manner</b>. Provide goal setting assistance for students to improve student achievement.</p>	<p>Tcheke sit Pòtay Paran yo sou entènèt la, li tout mesaj lekòl la voye lakay ou nan email, nan Remind 101, nan fèy piblisite yo, nan jounal lekòl la, epi tcheke kanè lekòl pitito u chak jou. Vini nan rankont paran/responsab elèv pwofesè ap òganize.</p>	<p>Kominike dout akademik ou genyen ak tout pwofesè w yo, tcheke sit pòtay elèv yo chak semèn, fikse objektif ou yo epi pran responsablite pèsònèl ou pou tout devwa w yo.</p>
<p><b>Bon Jan Rapò Patisipasyon</b></p>	<p>Ankouraje paran yo/responsab elèv yo ak elèv yo pou yo patisipe nan aktivite lekòl la ap òganize yo, nan atelye yo, nan Sant Sipò Paran yo ak nan Inivèsite Paran yo, epi nan travay kòm volontè nan komite tankou SAC ak PTO.</p>	<p>Vin nan reyinyon yo ak nan aktivite lekòl y'ap ofri nan lè ki bon pou ou. Kontwole sa pitito u ap aprann chak jou. Montre sipò pozitif pou lekòl pitit ou, pwofesè yo, administrasyon an ak lòt manm pèsònèl la. Sèvi nan komite tankou SAC ak PTO. Travay kò <b>volontè nan lekòl LGMS.</b></p>	<p>Patisipe aktivman nan aprantisaj la. Patisipe nan klìb yo, nan aktivite k'ap òganize andeyò orè lekòl la e nan aktivite espò.</p>
<p><b>Kominikasyon Rete Enfòmè</b></p>	<p>Pèsònèl la ap kominike ouvèman ak fanmi yo. Avèti paran yo regilyèman nan rele yo lakay ou nan telefòn, nan Remind 101, nan email e nan medya sosyal yo. Y'ap distribye fèy piblisite ak jounal lekòl la lè sa nesèsè</p>	<p>Ankouraje yon liy kominikasyon ouvè ant lakay ou ak lekòl pitit ou nan bay lekòl la tout <b>enfòmasyon kote pou yo kontakte w</b>. Si enfòmasyon kontak ou yo chanje, ale nan sit Pòtay Paran yo kote ou kapab fè chanjman an fasilman</p>	<p>Pataje avi yo ak fèy piblisite yo nan pote yo lakay ou e pataje yo ak paran w/responsab ou. Montre paran w/responsab ou kanè leson w chak jou.</p>
<p><b>Espas Aprantisaj</b></p>	<p>Bati epi nouri yon kilti respè pandan w'ap mete enstriksyon kalite siperyè nan yon espas aprantisaj ki gen sekirite e sipòtif. Mete kou prevansyon tankou kou sou dwòg, lasante e kou sou pwoblèm chache kont diran tout ane lekòl la. Revize Kòd Konduit Elèv yo Revize Kòd Kondwit Elèv ak Lekòl Kontra.</p>	<p>Planifye pou pitit ou vini lekòl chak jou. Chak jou fè pitit ou abiye ak inifòm kòrèk li epi pou l pran materyèl li bezwen pou l aprann; fè l repoze kòrèkteman epi ankouraje l manje bagay ki bon pou sante l.</p>	<p>Prepare w chak jou nan vini lekòl alè, abiye ak inifòm kòrèk ou epi pran materyèl ou bezwen pou w aprann. <b>Toujou gen respè pou moun.</b></p>
<p>Tanprio vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.</p> <p style="text-align: center;"><a href="http://www.lakegibsonmiddle.com">www.lakegibsonmiddle.com</a></p> <p style="text-align: center;">Jwenn nou nan Facebook nan "lakegibsonmiddle"</p> <p>Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. 863-853-6151</p> <p><b>Paraf Elèv la</b> _____</p> <p><b>Paraf Paran an</b> _____</p>		<p><b>Vizite sit entènèt <a href="http://www.polk-fl.net">www.polk-fl.net</a> pou enfòmasyon enpòtan:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sit PARENT PORTAL:</li> <li>• POU VOLONTÈ</li> <li>• SANT PARAN YO</li> <li>• KONDISYON LEKÒL FLORID YO</li> <li>• EGZAMEN</li> <li>• Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis: (Mo kle: Nutrition) oswa rele nan 534-0588</li> </ul> <p><b>Dat</b></p> <p><b>Dat Rezilta Pwovizwa Travay Elèv yo: (ki ale nan semèn)</b> 10-14 septanm, 12-16 novanm, 11-15 fevriye, 29 avril-3 me</p> <p><b>Dat Bilten yo:</b> 29 oktòb, 18 janvyè, 5 avril</p> <p><b>Dat Lekòl Lage Bonè:</b> 12/9, 3/10, 7/11, 16/1, 6/2, 13/3, 24/4</p>	